**दिन–बुधवार** **दिनांक–10.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नेपाल मे भेल हिंसा के हृदयविदारक जनौलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे नेपाल मे युवा सभक जान हानि पर पीड़ा व्यक्त करैत कहलनि जे नेपाल में स्थिरता, शांति आ समृद्धि अत्यंत महत्त्वपूर्ण अछि। श्री मोदी नेपालक लोक सभ सँ शांतिक प्रयास सभ के समर्थन देबाक सेहो अपील कयलनि।

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल मोकामा सँ मुंगेरक मध्य फोर लेन सड़कक निर्माण के स्वीकृति दऽ देलक अछि। ई बक्सर–भागलपुर हाई स्पीड कॉरिडोरक एक भागक रूप मे विकसित कयल जायत। एकर लंबाई बिरासी किलोमीटर सँ बेसी होयत। एहि पर चारि हजार चारि सय सैंतालीस करोड़ टाका सँ बेसी कैँ लागति आओत। सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे प्रस्तावित परियोजना सँ लगभग पन्द्रह लाख मानव दिवस प्रत्यक्ष रोजगार आ लगभग साढ़े अठारह लाख मानव दिवस अप्रत्यक्ष रोजगार सृजित होयत। श्री वैष्णव जनौलनि जे मंत्रिमंडल बिहार झारखंड आ पश्चिम बंगाल मे भागलपुर–दुमका–रामपुरहाट रेल लाइनक दोहरी करण के स्वीकृति दऽ देलक अछि। एक सय सतहत्तरि किलोमीटर नम्हर रेलखंडक दोहरीकरण पर तीन हजार एक सय उनहत्तरि करोड़ टाकाक लागति आओत।

---

केन्द्र सरकार भारतीय नागरिक सभ के स्थिति स्थिर होयबा धरि नेपालक यात्रा नहि करबाक सलाह देलक अछि। सरकार नेपाल मे भारतीय नागरिक सभ के अपन वर्तमान निवास स्थानहि पर रहबा, सड़क पर जयबा सँ बचबा आ पूरा सावधानी बरतबाक सलाह देलक अछि। संगहि नेपालक अधिकारी आ काठमांडु स्थित भारतीय दूतावास द्वारा जारी स्थानीय सुरक्षा सलाह पालन करबाक सेहो सलाह देलक अछि। कोनहुं सहायताक आवश्यकता होयबा पर केन्द्र सरकार काठमांडु स्थित भारतीय दूतावासक हेल्पलाइन नंबर

नओ सात सात– नओ आठ शून्य आठ छओ शून्य दू आठ आठ एक वा नओ सात सात–नओ आठ एक शून्य तीन दू छओ एक तीन चारि पर संपर्क करबाक लेल कहलक अछि।

———————————————————————————

नेपाल मे जारी गतिरोध के देखैत बिहारक सीमावर्ती जिला सभ के हाई अलर्ट पर राखल गेल अछि। सीमा पर व्यापार चौकी आ आन प्रवेश बिन्दु सभ पर विशेष निगरानी राखल जा रहल अछि। बिहार पुलिस आ एसएसबी के टीम सीमा पार अबय–जायवला सभक गहन जाँच कऽ रहल अछि। बिहार मे भारत–नेपाल सीमा सात सय छब्बीस किलोमीटर नम्हर अछि आ सात जिला पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज के छुबैत अछि। बिहार मे दुनू देशक मध्य सीमाक एक पैघ भाग खुजल अछि। एहि के देखैत विशेष सुरक्षा व्यवस्था कयल गेल अछि। एहि मध्य नेपाली अधिकारी लोकनिक अनुरोध पर नेपालक जनकपुर आ मधुबनीक जयनगर के मध्य रेल सेवा स्थगित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————

नेपाल मे जारी हिंसा आ राजनीतिक उथल–पुथल के मध्य कर्फ्यू काल्हि भोर छओ बजे धरि बढ़ा देल गेल अछि। नेपालक सेना कहलक जे सुरक्षा कारण सँ ई डेग उठाओल गेल अछि। अगुलका स्थितिक आधार पर अगिला सूचना जारी कयल जायत। यद्यपि कर्फ्यूक दरमियान एम्बुलेंस, दमकल, स्वास्थ्य सेवा आ सुरक्षा वाहन सभक संचालन सामान्य रूपें जारी रहत। विरोध प्रदर्शनक तेसर दिन आइ सेनाक तैनातीक मध्य काठमांडू घाटी मे माहौल शांतिपूर्ण अछि। नेपालक सेना नागरिक सभ सँ अनुरोध कयलक अछि जे ओ सभ बिना आवश्यक काजक घर सँ बाहर नहि निकलथि। नेपालक सेना नागरिक सभ सँ अपील कयलक अछि जे जौँ कोनो उपद्रवी सार्वजनिक आ निजी संपत्तिक के नोकसान पहुंचबय तऽ शीघ्र हुनका सभ के  ओ सभ सूचित करथि। सेना नागरिक सभ सँ सुरक्षा एजेंसीक संग सहयोग करबाक सेहो अनुरोध कयलक अछि। **एहि मध्य त्रिभुवन अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा आइ सांझ धरि बंद रहत।**

———————————————————————————

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन के आइ होबऽवला कटिहार आ पटनाक दौरा अपरिहार्य कारण सँ रद्द कऽ देल गेल। वित्तमंत्रीक सहायक निजी सचिव ई जनतब देलनि अछि।

————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम सँ सामाजिक सुरक्षा पेंशन योजनाक राशि लाभुक सभक खाता मे अंतरित कयलनि। श्री कुमार एक करोड़ तेरह लाख सँ बेसी लाभार्थी सभक खाता मे लगभग एक हजार दू सय चौंसठि करोड़ टाकाक राशि डीबीटीक माध्यमे हस्तांतरित कयलनि।

————————————————————————————

समाप्त भेल।